ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ГЬАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№73 (22.231) ● 2012 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 24, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adygeale.ru

Къанокъуэ Арсен хэтынущ УФ-м и Къэрал Советым и зэIущIэ зыубгъуам

УФ-м и Президентым мэлыжьыхьым и 24-м Москва щрагъкIуэкIынущ Урысей Федерацэм и Къэрал Советым и зэIущIэ зыубгъуа. ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, Медведев Дмитрий абы щытепсэлъыхьынущ илъэс гъунэгъуэм къэралым къыпэощыт кьалэнхэм.

ЗЭIУЩIЭМ хэтынущ Къбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен. Ди республикэм и Iэтащхьэр Кавказ Ищхьэрэ щIыналъэм кьыбгъэдэкIыу ныдэжы етIуанэрэ хэтщ УФ-м и Къэрал Советым и президиумым. Япэу апхуэдэ дзыхь кьыхуащIауэ щытащ 2007 гъэм.

ИлъэсиплIым кьырыбдзэу ныдэжы япэу зэхуэсу аращ Къэрал Советым и зэIущIэ зыубгъуар: «гупышхуэу» советыр зэхуэсауэ щытащ 2008 гъэм. Абы кьрихьэлIынущ губернаторхэр, къэралым и Правительствэм хэтэр, УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и палатIм я унафощIхэр, жылагъуэ лэжьакIуэхэр, парламентым хэмыхьа политикэ гупхэм я ныкIуэхэр.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iанэ.

Зыужьыныгъэр ди плъапIэщ

● Дыгъуасэ

КъБР-м и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен дыгъуасэ республикэм и Парламентым зыхуигъэзащ.

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым кьыбгъэдэкIыу Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым хэт депутатхэр, УФ-м и Президентым и ныкIуэу Кавказ Ищхьэрэ щIыналъэм щыIэм и Аппаратым Къэбэрдей-БалъкъэрымкIэ и федеральнэ инспектор нэхъыщIэр, республикэм и Правительствэм щыщхэр, КъБР-м и Конституцэ, Арбитраж судхэм, Суд Нэхъыщхьэм, ХэхакIуэ комиссэм, Жылагъуэ, Къэзыпщытэ-Къэзыбжь палатэхэм, еджапIэ нэхъыщхьэхэм, щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтхэм, хабзэхьумэ IэнатIэхэм я унафэщIхэр, щIыхьм и хуитныгъэхэмкIэ уполномоченнэр, муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ я администрацэхэм я Iэтащхьэхэр, политикэ партхэм, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэм, щIыхубэ хьыбарегъащIэ IэнатIэхэм я лIыкIуэхэр.

КъБР-м и Парламентым и Тхьэмадэ **Чеченов Ануар** зэIущIэр кьыхэзыухри, кьыхалъхьа Iуэхугъуэм кьызэхуэсащ щIигъэгъуэза нэужь, псалъэ иригащ республикэм и Iэтащхьэм.

Къанокъуэ Арсен жиIащ КъБР-м и Парламентым Зэрызыхуигъаззэм мыхьэнэщхуэ зэриIэр, апхуэдэ щыкIэкIэ блэкIа илъэсым зэфIагъэкIахэмрэ кьайхьулIахэмрэ кьэнщыгъэжа зэрыхъур, кьищынэмыщIауэ, 2012 гъэм, абы кьыкIэтыныкIуэну илъэсхэм республикэм зэрызрагъэужьыну щIыкIэр абдеж утыку кьызэрыщрахьр.

- ДыхьэхэтIуэ кьыщынэмыщIауэ, 2012 гъэм, абы кьыкIэтыныкIуэну илъэсхэм республикэм зэрызрагъэужьыну щIыкIэр абдеж утыку кьызэрыщрахьр.

Абы папщIэ Къанокъуэ Арсен кьыхэхуэса псорн кьыхуриджащ республикэм зиужьыным зэкъуэту хуэлэжьыну, я IуащIэр зы Iуэхум хуагъэпсмэ, зыпэмыльэщIын лъэпощхьэпо зэрыщыкьмыIэри кьыхурегъэщащ.

Чеченов Ануар КъБР-м и Тащхьэм республикэм и Парламентым Зэрызыхуигъаззэр купщIафIэ зэрыльхьар жиIэри, унафэм и проектыр кьыззращтэм теухуауэ псомэ щэдзарэзыуэ Iэ яIэтащ.

щIхьэщэмыщI Изэ.
Сурэтхэр
МАМИЙ Руслан *трихащ.*

Къ БР-м и Парламентым и депутатхэм гу зылъэтахьэ

2012 гъэм мэлыжьыхьым и 26-м КъБР-м и Парламентым и Унэм щызэхэтынущ республикэм и хабзэубзыку органым и зи чэзу зэIущIэ.

ЩыщIидзэнри сыхьэти 10-рэ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ Iанэ.

Налшык и телъхьэу Iэ Iэт!

КъБР-м Хьыбарегъащ Iэ Iуэхущ Iапэ Iэхэмкl Iэ и къэрал комитетым кьыззэритымкIэ, Урысейм и кьалэ нэхъ дахэр, нэхъ къщIыхуГуаф Iэр, къэралым и дамыгъэу къэпльытэ хьунур кьыхахыу «город-россия.рф» сайтым Iэ-Iэт щокуэкI.

УФ-м МЫ ГЪЭР щагъэуващ ди къэралым и тхыдэм и ильэсу. «Урысейм и кьалэ» Интернет-проектым кьыззщIелыбыдэ ди къэралыр зэрыщыту. Ар кьыззрагъэпэщащ щIэблэр хэкупсэу, лъэпкым хуэпэжу гъэсэным, Урысей къэралыгъуэм и щэнхабзэ-тхыдэ щIэнинэр хуэмынэ хуэмынэ.

Къэралым и административнэ центр нэхъ ин псоми щыщу кьыхэхьн хуейщ зи тхыдэ, щэнхабзэ щIэинхэр нэхъ гуэрэзджь, лъэпкъ дамыгъэу кьэувыну нэхъ зыхуэфащэ кьалэр.

Проектым кьыщыгъэлъэгъуащ а кьалэхэм я тхыдэм, я щэнхабзэм теухуа хьыбар кьыхуащIауэ щытащ 2007 гъэм.

ИлъэсиплIым кьырыбдзэу иджы япэу зэхуэсу аращ Къэрал Советым и зэIущIэ зыубгъуар: «гупышхуэу» советыр зэхуэсауэ щытащ 2008 гъэм. Абы кьрихьэлIынущ губернаторхэр, къэралым и Правительствэм хэтэр, УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и палатIм я унафощIхэр, жылагъуэ лэжьакIуэхэр, парламентым хэмыхьа политикэ гупхэм я ныкIуэхэр.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iанэ.

Мелуан епщIанэ

«Национальная Спутниковая Компания» («Триколор ТВ») акционер зэгуэхэныгъэ зэхуэщIыкIыным мазаем и 21-м кьыщыщIэдзауэ гъатхэпэм и 31 пщIондэ «10-миллионный абонент «Триколор ТВ» зыфIищащ Iуэхур иригъэкIуэкIащ.

ГЪАТХЭПЭМ и 29-м мелуан епщIанэу а антеннэр зыхуагъэувар кьэнэIуащ. Ар Май кьуэм хьыхь Котляревская станицэм щыпсэу Русинэ Валентинэщ.

Мэлыжьыхьым и 19-м я Iуэхугъуэр Iэтауэ «Триколор ТВ»-м щигъэлъэпIащ Москва и Кремль къэрал унэм.

КЪАНЩДАУЭ Мэлэчыпхъу.

Мэлуан епщIанэ

«Национальная Спутниковая Компания» («Триколор ТВ») акционер зэгуэхэныгъэ зэхуэщIыкIыным мазаем и 21-м кьыщыщIэдзауэ гъатхэпэм и 31 пщIондэ «10-миллионный абонент «Триколор ТВ» зыфIищащ Iуэхур иригъэкIуэкIащ.

ГЪАТХЭПЭМ и 29-м мелуан епщIанэу а антеннэр зыхуагъэувар кьэнэIуащ. Ар Май кьуэм хьыхь Котляревская станицэм щыпсэу Русинэ Валентинэщ.

Мэлыжьыхьым и 19-м я Iуэхугъуэр Iэтауэ «Триколор ТВ»-м щигъэлъэпIащ Москва и Кремль къэрал унэм.

КЪАНЩДАУЭ Мэлэчыпхъу.

● «Адыгэ псалъэр» къыхъызок

СфIэхьэлэмэту соджэ

АДЫГЭБЗЭКIэ къыдэкI газет закъуэм и ныдэIэп. Абы и щIэдзкьыкIакIуэхэм сэри сащыщщ икIи бзэщIэныгъэхэм хуеджэхэм «Адыгэ псалъэм» кьытхуищIэм и мыхьэнэр кьэхьытэгъуейщ.

Политикэм кьыщыщIэдзауэ гушыIэм щыщIэкIыжу мыбы кьытехуэ тхыгъэхэм сфIэхьэлэмэту соджэ. Псом хуэмыдэу «Мазуэку» напэкIуэцIыр зыхэсстьхь щыIэкъым. Мыр Iэмальфащ дуней псом щекIуэкI Iуэхугъуэхэм зыщыбгъэгъуэзэныжкIэ.

Фыдыуэ сльагъу газетыр нэхъриефIэкIуэну, ди гъащIэм хэть ныкъуэсныгъэхэм я нэIэ тригъэтыну сыхуейт. Газетым куэд кьытыводзэ ди лъэпкъэгъу хэхэсхэм ятеухуауэ. Апхуэдэ тхыгъэхэр нэхъыбжьу щытми лейкъым, ди лъэпкыр кьэрал куэдым зэрыщыпсэум теплIыхьмэ.

-Адыгэ псалъэм- лэжьакIуэфIэхэр иIэну, а газетыр зи Iэпэгъуэхэм кьаахэхьуну сынывохьэхьу.

ПЩЫХЬЭЩIЭ Хьэмзэт,
КъБКъУ-м и студент.

Газетхэмрэ журналхэмрэ къевгъэхьыну фыхуеймэ...

«Урысейм и пощт» федеральнэ къэрал предприятэм и къудамэу КъБР-м щыIэм и Iуэхущ Iапэ псоми мэлыжьыхьым и 1-м щыщIэдзауэ щыхуэхэм Iэ щытрадзэ хьунущ 2012 гъэм и етIуанэ илъэс ныкъуэм къарагъэхьну газетхэмрэ журналхэмрэ. Пощтым и лэжьакIуэхэм щыхуэхэм Iэ зыщIадза кьыдэкIыгъуэхэр и зэманым кьрихубыдэу унагъуэхэм яхьынущ. Апхуэдэу ахэр кьыщыIахьыж хьунущ пощтым и Iуэхущ Iапэ Iэнатl Iэ.

● Дунейпсо Адыгэ Хасэ

Лъэпкъ зэпыщIэныгъэр ягъэбыдэ

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Хасащхьэм хэтхэм я зи чэзу зэхуэсыр щабэт кIуам Налшык къалэ щекIуэкIащ.

ЛЪЭПКЪЫМ и зыужьыныгъэм, хамэ щIыпIэ куэдым щикъухьа адыгэхэм я зэкъуэтныгъэм, абыхэм я зэпыщIэныгъэхэр гъэбыдэным, зыIууэ гугъуехьхэр гъэзэкIуэжыным, кьапэщIыль кьалэнхэр убыхьхуным теухуа псалъэмакъ купщIафIэ куэд кьыщIэта зэхуэсышхуэм хэтащ Урысей Федерацэм, Тыркум, Иорданием, Сирием щызэхэт Адыгэ Хасэхэм я тхьэмадэхэмрэ лIыкIуэхэмрэ.

ДАХ-м и Хасащхьэм и зэIущIэм кьратъабэлэтащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкlэ и Советым хэт **Къэжэр Альберт**, «Россотрудничество» Iуэхущ Iапlэм ди хэкуэгъуэхэмрэ правительствэм пымыщIа зэгуэныгъэхэмрэ ядэлэжьэныкIэ и управленэм и унафэщIым и кьалэнхэр зыгъэзащIэ **Пугачев Вячеслав**, КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я Администрацэм республикэм и къэрал кIуэцI Iуэхуэхэр зэкIэлъыгъэкIуэныкIэ и управленэм и унафэщI **Махуэ Владимир,** КъШР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я Администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ **Чыкуэ Нурбий**, КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и япэ къуэдзэ **Жаным Руслан**, КъБР-м Жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэм я Iуэхуэхэмкlэ и къэрал комитетым и унафэщI **Пащты Борис**, КъБР-м и Архив Iэнатlэм и Iэтащхьэ **Къарэ Арсен**, нэгъуэщIхэри.

ЗэIущIэр къызэIуихащ икIи иригъэкIуэкIащ ДАХ-м и тхьэмадэ **Ажахъуэ Къанщобий**. ХьэщIэхэм къызэхуэсахэм зыхуагъэза нэужь, Хасащхьэм хэтхэр тепсэлъыхьащ Сирием щыпсэу ди лъэпкъэгъуэм я Iуэху зыIутым; къэрал къудыкъущIапIэхэр щIыналъэ зэхуэмыдэхэм щыIэ адыгэ жылагъуэ зэгуэхьэныгъэхэм зэрадэлажьэм; УФ-мрэ хамэ къэралхэмрэ щыIэ Хасэхэм я лэжьыгъэр зэрекIуэкIыи; 2014 гъэм Сочэ щыIэну Олимпиадэм, Урыс-Кавказ зауэр зэриухрэ илъэси 150-рэ щрикъуекIэ иращIэкIыну Iуэхугъуэхэм, нэгъуэщIхэми.

Зэхуэсыщхэр зэрекIуэкIам теухуа тхыгъэ убгъуа ди газетым и къыкIэлъыкIуэ къыдэкIыгъуэхэм ящыщ зым тетынущ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.
Сурэтыр
КЪАРЕЙ Элинэ *трихащ.*

● Ди къалащхьэм

Зихуэдэ щымыIэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен и жэрдэмкIэ, псыэзбгрыпхьыу (фонтану) щы Налшык щаухуэнущ. Абыхэм ящыщ зыр адрейхэм къащхьэщыкIыу макьамэ кьыщеуэу, нурыбзу зэщIэпщыпщIэу Зэгурыуэныгъэм и утым щагъэувынущ.

ХУЭЗЭНУ мылькур республикэм Инвестицэмкlэ и фондым хухихынущ, Инженер конструкцэхэр щыпIэ администрацэм игъэхьэзырынуц. Псыкьну «къафэр» Кавказ Ищхьэрэ псом и дежкIэ зихуэдэ щымыIэу щытынущ, ар щагъэуэбынур Налшык и нэхъ щыпIэ дахэхэм ящыщ хьунущ. Псы зэхэльэдапIэ куэд яIэу яхуэхуну нэгъуэщIтIми Владикавказэр Пятигорскрэ я псынькъуэкIэ республикэм и щыхьэрым и кьыдыхьэпIэхэр ягъэбжьыфIэнущ. Кьалэ бюджетым щыщу сом мелуан 50-м нэблагъэ а Iуэхум хухахащ.

Лэжьыгъэхэм щIадзащ. ЩIыпIэ администрацэм и мурадщ кьалэм и махуэм ирихьэлIэу уху ныгъэхэр зэфIагъэкIыну.

Налшык къалэ администрацэм и пресс-Iуэхущ Iанэ.

Дунейм щIыхьыбартхэр

УзыфэщIэр шынагъуэ?

И щIыналъэм кьыщыунэхуа щIыфэ узыфэр зыхуэдэр, ар кьызыхэкI щхьэусыгъуэр кьыхуэмыхутэу, кьыщэIэпыкьуфыну къэралхэр кьилъыхьуэу, дыгъуасэ Вьетнамым дуней псом зыхуигъэзащ. Иужьрей зэманым Ипщэ-КъуэкIыпIэ Азием а узыфэм щилъыкIащ щыхуэ 19, ар зэуэхэм я бжыгъэр щыхуэн 170-рэ мэхъу.

Сымаджэм и Iэхэмрэ и лъакьуэхэмрэ щыфашхэм зэщIещтэри, кIэщIу, псынщIэу абы зэтрекьутэ псом япэ тхьэмщыгъуэр, итIанэ жьэжьейр, ауэрэ зэщIещтэ цыхуэм и Iэпкьлъэпкъ псор.

А узыфэр кьыщежьар Вьетнамым и кум щыIэ Куангнгай щыпIэращ. Ягъэ сымаджэхэр кьахутат 2011 гъэм и гъатхэм. Мы гъэм и гъатхэм я узыфэм зиубгъури, сымаджэхэм я бжыгъэм куэд кьахэхьуащ.

- А щIыкIэ узыр кьыщыхэкI щхьэусыгъуэхэри, тхьэмщIыгъэм псом япэу щIеуэри дэ нобэр кьыздэсым кьытхуэхутакъым, - жеIэ Вьетнамым узынщагъэр хьумэнымкIэ и министрым и къуэдзэ Лон Тань.

Вьетнамыр псом япэ кьыдэIэпыкьуну зэлъэIуар узынщагъэр хьумэнымкIэ дунейпсо организацэмрэ США-м и щIэныгъэ центр нэхъ лъэрыгъэхьэхэмрэщ.

Украинэм «тель хьэзабыр»

- Украинэм узынщагъэр хьумэнымкIэ и Iэнатlэхэм гъэ кьэс ятригъэкIуадэ ахьшэм хуэдищкIэ хуэфэхьуэнут, Урысейм и дежкIэ щыщIэху гъэм хуэфащэ уасэ хуагъэувауэ щытамэ, - жеIэ а къэралым и премьер-министр Азаров Николай. Апхуэдэу ар кьыщыпсэлъар радиицэ кьыщагъэсэбэп медицинэ центрыщ.

Абы кьыззригъэлъэгъуамкIэ, Урысейм и деж кьыщIэху газым хуэфащэ уасэм щIигъуу Украинэм гъэ кьэс «кьыIэщIатхьыр» нэхьыбэщ ильэсым узынщагъэр зыщынымк хуаутIыпщым нэхьрэ.

- А кьалэнхэр хьэзабу кьытграмылъхьамэ, узынщагъэр хьумэнымкIэ ди Iуэхущ Iапlэхэм зедгъэужьыфынут, - жеIэ Азаровым.

ИтIани, премьер-министрым центрым щылажьэхэр кьыгъэгугъащ бюджеткIэ хуаутIыпщ ахьшэм хухагъэхьуну, медицинэ Iуэхущ Iапlэхэр Iэмэпсымэщхэкlэ кьызэрагъэпэщыну, къэралым и экономикэм зэрызнужь щIыкIэм тещIыхьауэ.

Украинэм и къэрал бюджетым зэриубзыхуам тету, 2012 гъэм узынщагъэр хьумэным тенIуэдэнущ гривнэ меларди 7,1-рэ (доллар мелуан 887,5-рэ). Мы гъэм и щIыкIыпIэ - гъатхэпэ мазэхэм Урысейм и газу игъэсам пэкIуэж уасэу Украинэм итащ доллар меларди 2-рэ мелуан 965-рэ хуэдиз.

Дыгъэм ихъуэжыр

Японием и Лъэпкъ обсерваторэмрэ ЩIэныгъэ кьызэрыгуэкIхэмкIэ и институтымрэ кьызэрахутамкIэ, пIалъэ кIэщIым кьрихубыдэу дыгъэм и кьыщыунэхуащ мальхъэдис полюсу пIлы. Абы ЩIым и щытыкIэр хуишэфынущ пIалъэ гуэрэкIэ нэхъ щIыIэ зэрызхьуну.

Дыгъэм и малъхьэдис полюсхэм я увыпIэхэр яхъуэж хабзэщ илъэс 11 кьэс зэ. ИкIи а зэхъуэкIыныгъэхэр тохуэ абы и географическэ полюсхэмри. КъыкIэлъыкIуэ апхуэдэ зэхъуэкIыныгъэхэр кьэхъун хуеят 2013 гъэм и накьыгъэм. Арщхьэкlэ, а Iуэхугъуэр мы гъэм и накьыгъэм кьэхъунущ. ЩIэныгъэлIхэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, пIалъэ гуэркIэ Дыгъэм и географическэ полюситIми я малъхьэдис губгъуэр «плюсу» щытынущ, иужькIэ Ипщэ полюсыр «минусым» хуэкIуэжынкIэ хъунущ.

А щытыкIэм Дыгъэм и экваторым пIалъэкIэ кьыщIигъэунэхунущ «минус» кьаруэ зиIэу малъхьэдис полюсу зэуэ тIу. Апхуэдэр нэхъапэм зэкъым кьызэрыкьуар - псалъэм папщIэ, XVII-XVIII лIэщIыгъуэхэм ЩIым и щытыкIэр нэхъ щIыIэу щыщIтар арауэ хуагъэфащэ. Япониием и щIэныгъэлIхэм кьалынтэ Дыгъэм щекIуэкIыну зэхъуэкIыныгъэхэм ЩIым и щытыкIэр нэхъ хуабэ зэрыхьур пIалъэ гуэркIэ зэтригъэувыIэну.

НОБЭ

- ЩIалэгъуалэм я зэкъуэтныгъэм и дунейпсо махуэщ
- ЩIэныгъэлIхэм я кьэхутэныгъэхэм кьыщагъэсэбэп псэущхьэхэр хьумэным и дунейпсо махуэщ
- 1915 гъэм Уэсмэн Тыркум ермэлыхэм ярищIыпIа геноцидым хэжьудэахэм я фэепль махуэщ.
- Мэлыжьыхьым и 24 - 26-хэм Санкт-Петербург щызэхэтынущ сабийхэм я хуитныгъэхэмкIэ уполномоченнэ пIыкIуэхэм я V Урысейпсо зэIущIэ.

Дунейм и щытыкIэнур

«meteonovosti.ru» сайтым кьызэритымкIэ, нобэ Налшык пшэр техьэ-тенIыу щыщытынущ. Хуабэу махуэм градус 16 - 18, жэщым градуси 10 - 12 щыIэнущ.

Дыгъэр кьыщIэжьынущ сыхьэти 6-рэ дакъикьи 7-м, кьухьэжьынущ сыхьэт 19-рэ дакъикьэ 59-м.

Хьуэм и псыIагъыр кьитIасэнущ процент 58-82-м.

ПIалъэпэр зыгъэхьэзырар ГЪУЩIО Зарифщ.

Лъэпкъ Iуащыгъэ:

Гъуэгум и кIыхьагъым хуэдизи и бгъуагъщ.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2012 гъэм мэлыжьыхьым и 12-м *№149-рп*

ЩІэныгъэм, творчествэм тещІыхьа жэрдэмэхэм зегъэужьын икІи аэр пхыгъэкІын, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІалэгъуалэмрэ щІалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэмрэ я социальнэ жыдэжрагъыр къэІэтын мурадкІэ:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩІалэгъуалэм я ІуэхухэмкІэ и министерствэм хэгъэгъэувын мы кІыкІэлыкІуэ Іуэхуэхэр кІыхэригъэпэщыну:

Пятигорск кІалэм 2012 гъэм бадзэуэгъуэ, шыщхьэІу мазэхэм щекІуэкІыну «Мэшыкъуэ-2012» Кавказ Ищхъэрэ щІалэгъуалэ щІэныгъэ лагерым (адэкІэ - ЩІалэгъуалэ лагерщ) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лІыкІуэхэр хэтыныр;

ЩІалэгъуалэ лагерым хиубыдэу Республикэм и махуэр егъэкІуэкІыныкІэ лэжьыгъэхэр зэбгъэкІыныр;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІалэгъуалэр ЩІалэгъуалэ лагерым и лэжьыгъэм хэтэныныкІэ кІаагъэувэм щыгъуазэ хуэщІыныр;

социальнэ, бизнес проектхэр зэхэпхьэным Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІалэгъуалэр хэгъэгъэным щыхурагъаджэ семинархэр егъэкІуэкІыныр, ЩІалэгъуалэ лагерым хэтын папщІэ проект нэхъыбІэхэр кІыхэхьныр.

2. ЩІалэгъуалэ лагерым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІалэгъуалэр хэпэныкІэ кІыхэзыгъэпэщыну Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІалэгъуалэр хэгъэгъэным щыхурагъаджэ семинархэр егъэкІуэкІыныр, ЩІалэгъуалэ лагерым хэтын папщІэ проект нэхъыбІэхэр кІыхэхьныр.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Финансхэмкі Іэ и министерствэм хуэгъэувын 2012 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым «Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІалэгъуалэ (2009 - 2015 гъэхэм)» республикэ программэ хэхар гъэзэщІэным щыхуаутІыпщ ахъшэм щыщу сом 1258,0-рэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩІалэгъуалэм я Іуэхуэхмкі и министерствэм хуэхихыну.

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩэнхабзэмкІэ и министерствэм хуэгъэувын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм гъуаджэмкІэ и лэжьакІуэ ЩІэрыІуэхэр зыхэт махуэшхуэ концерт Республикэм и махуэм хиубыдэу егъэкІуэкІыныр кІыхэзыригъэпэщыну.

5. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ зыужьныгъэмрэ сатумкІэ и министерствэм хуэгъэувын Республикэм и махуэр гъэлъэпІэным хиубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лэжьакІуэхэр щагъэлъагъуэ выставкэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и кІрад властым зыхуэфащэ и гъэзэщІакІуэ органхэм ящІыгъуу кІыхэзыригъэпэщыну.

6. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм СпортымкІэ, туризмымрэ курортхэмкІэ и министерствэм хуэгъэувын Республикэм и махуэм хиубыдэу спортсмен щІэрыІуэхэр зыхэт Іуэхуэхэр ЩІалэгъуалэ лагерым щегъэкІуэкІыныр кІыхэзыригъэпэщыну.

7. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩІыхьэ хьыбарегъащІэ Іуэхуэщ Іапі Іэхэмкі Іэ и къэрал комитетым и унафэщІ Къумахуэ Мухьэдин иригъэкІуэкІащ республикэм къыщыдэкІ къэрал газетхэмрэ журналхэмрэ я унафэщІхэр зыхэтэ зэІуэщІэ. Абы къыхьэлІащ «Тетраграф» ООО-м и унафэщІ Щакъ Елбэрдэ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и «Роспечать» акционер зэгухьэныгъэ зэІуэхам и унафэщІ КІуж Замирэ». ЗэІуэщІэр зыгетехуауэ щыІтар республикэм къыщыдэкІ газетхэмрэ журналхэмрэ «Роспечать»-м и киосксхэм щыщэныр зэтеублэжьыныр щ.

ИЛЪЭС зыбжанэ япэкІэ щІадзауэ, республикэм къыщыдэкІ газетхэр щІагъуэу зэрыпхымыкІыр щхьэусыгъуэ ящІуэрэ, киосксхэм щІэтхэм ящэну къыІахьжыр-хьым. Ауэ редактор нэхъыщхьэхэм къыщэрахьлъытэмкІэ, ар щхьэусыгъуэ тэмэмкъым. Нэхъыщхьэр сатум и лэжьакІуэхэр я кІалэнхэм хьэлэлу зэрыбгъэдэмыпсыхьэрщ, яэзыныкъуэхэм типографием щэхуу кІахьэр гъэбелджыным пыщІа Іуэхуэхэм, гъуэгуэхэм зэрыщыізекІуэр нэхъыбІу кІыхьэгъэпэщыным, уэрэмхэм кІыдыкъэ транспортым и бжыгъэр гъэмэщІэным тетхуауэу гъэжьыпхъэхэм, «Налышк» кхъуэхьлъатэтІысыпІэм уэгуфІэ зэпишІэ кІэралхэмрэ кІалхэмрэ зыхуэдэм, нэгъуэщІхэмі.

Сыхьэтым щыгъэкІэ екІуэжІа зэІуЩэр щыізэхуищІыкым, министрым еджакІуэхэр кІэитъэгугъащ Налышкрэ Кэнжэрэ зэпызыщІэ гъуэгум тет автобусхэм я лэжьыгъэр езыгъэфІэкІуэну хэжІыпІэхэм щыпІэ унафэр зезыгъакІуэ Іуэхуэщапіэхэм ягъуэсу хэпІыну.

КъБР-м Транспортымкі Іэ и министерствэм и пресс-Іуэхуэщ Іапі Іэ.

федеральнэ къэрал бюджет Іуэхуэщ Іапі Іэм и ректорыр *(эгъуэгуІуэу)*;

Къэзанш Л. Б. - «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телерадиокомпание» Урысейпсо къэрал телерадиокомпание» федеральнэ къэрал предприятэ зэгуэтым и унафэщІыр *(эгъуэгуІуэу)*;

Къаздэхъу А. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министрыр

Къармырз Б. С. - «Нэрэсэ Хь. М. и щІэрэзыкъэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» профессиональнэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ щызэрагъэгъэт федеральнэ къэрал бюджет Іуэхуэщ Іапі Іэм и ректорыр *(эгъуэгуІуэу)*;

Темирканов М. О. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Шэрэдж муниципальнэ районым и щІыналъэ администраці эм и Іэтащхьэр *(эгъуэгуІуэу)*;

Фыр Р. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкІэ и министрыр

Хъурей Ф. А. - БизнесмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым и ректорыр *(эгъуэгуІуэу)*;

Хъэщхъуэкъ Т. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЩІалэгъуалэм, жылагъэр зэгухьэныгъэхэм я Іуэхуэхмкі Іэ, цІыхубэ хьыбарегъащІэ Іуэхуэщ Іапі Іэхэмкі Іэ и комитетым и унафэщІыр *(эгъуэгуІуэу)*

ШэТ М. Н. - Дзэлыкъэу муниципальнэ районым и щІыналъэ администраці эм и Іэтащхьэр *(эгъуэгуІуэу)*

Щоджэн А. А. - Потребительскэ кооперацэм и университетэ Белгород дэтым и Налшык къудамэм и унафэщІыр *(эгъуэгуІуэу)*.

Щокъарэ З. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхуэщ Іапі Іэм и унафэщІыр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІалэгъуалэ правительствэм и унафэщІыр *(эгъуэгуІуэу)*

ЩІхьэгъэпсо С. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министрыр.

● Абы дегъэпІейтей

Хъэфыщ Іэ Мухьэмэдрэ Иуаныкъуэ Нурбийрэ.

Абаээ Албэчрэ Уэзлокъуэ Вячеславрэ.

Лъэпкъыбзэм и пщІэр зыІэтынур

Ди газетым зэрыгетащи, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Ажахъуэ Къанщобий тхьэмахуэ кІуам зэІуІуэ иригъэкІуэкІащ. Ар теухуауэ щытащ адыгэбзэм зегъэужьыным и Іэмалхэм.

Щоджэн Леонид.

ЗэІущІэм кърагъэблэгъащ адыгэбзэмкІэ щІэныгъэлІэхэр, егъэджакІуэхэу, лъэпкыбзэм ирилажьэхэу ДАХ-м и япэ вице-президент, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Хъэфыщ Іэ Мухьэмэд,** егъэджакІуэ, усакІуэ **Щоджэн Леонид,** КъБКъУ-м филологиемкІэ и институтым урысыбзэмкІэ и кафедрэм и доцент **Иуаныкъуэ Нурбий,** КъБКъУ-м Кавказ Ищхъэрэ ис литературэмрэ Іуэрыіуатэмкіэ и кафедрэм и доцент **Абаээ Албэч,** адыгэбзэмкІэ и кафедрэм и доцент **Уэзлокъуэ Вячеслав,** Адыгэ жылагъэ зэгухьэныгъэхэм я Зэхэсыгъуэ советым и Іэтащхьэ **Къалмыкъ Жылэбий,** ЩІэныгъэхэмкІэ Урысей Академием и щІэныгъэ центру КъБР-м щыІэм и гъэлъэгуакІуэ **Иуан Петр,** радиожурналист, усакІуэ **Аброкъуэ Беллэ,** КъБКъУ-м и и методцентрым и гуащэ **Щоджэн Іэминат** сымэ, зэхэсыгъэхэр.

Адыгэ лІакъуэхэр нобэ зэпрысалъэ я анэдэлъхубзэм и щытыкІэмрэ хэхэс адыгэхэм я бзэр яхъумэным пыщІа гугъуехьхэмрэ, щІэныгъэ щрат Іуэхуэ Іапі Іэхэм лъэркъыбзэр щегъэджэным и Іуэхур зыІутым, хьыбарегъащІэ, зэпыщІэныгъэ Іэмалхэр ди бзэр хъумэнымрэ зегъэужьынымрэ кІыхьэгъэсэфэным хуэщІыпІэ псалъэмакъым нэхъ кІыхагъэщар зыуэ щыт адыгэ литературэбзэм дыхуэхІуэным кІыпэрыуэ Іуэхугъэхэр гъэжьэнымрэ, псоми я зэхуэдэ алыфбей зэхэлъхьэным Іэщ Іагъэлі Іэр зэреплъырщ.

КІыхьэхуэсахэр а Іуэхум зэрегупсысыр нэхъ Іупщ Іу къагъэльэтъуэныр, абы теуэуэ щІапІэхэр пыщІа Іуэхуэхэр къагъэувынныр зэрэынэхь фІэжьабылыр жиІэри, **Ажахъуэ Къанщобий** псалъэ иригъаті **Иуаныкъуэ Нурбий.**

Абы ыкІи щощащ, ди гъэлъэдэ лъэпкыбзэзэри зэребгъэфІэкІуэн Іэмал куэд зэрыщІэр, ауэ къэбэрдеибзэмрэ адыгеибзэмрэ нэхъ зэтекхуэу, я яледжэкІэр зэщхьу, нэхъ тынщу щытын папщІэ зэрІэдгъэзыкІын хуейхэм ятеухуауи Іуэху еплъыкІэ пыІуэхыкІа зэриІэр.

Къыдзэхуэсахэр а Іуэхум зэрегупсысыр нэхъ Іупщ Іу къагъэльэтъуэныр, абы теуэуэ щІапІэхэр пыщІа Іуэхуэхэр къагъэувынныр зэрэынэхь фІэжьабылыр жиІэри, **Ажахъуэ Къанщобий** псалъэ иригъаті **Иуаныкъуэ Нурбий.**

Абы ыкІи щощащ, ди гъэлъэдэ лъэпкыбзэзэри зэребгъэфІэкІуэн Іэмал куэд зэрыщІэр, ауэ къэбэрдеибзэмрэ адыгеибзэмрэ нэхъ зэтекхуэу, я яледжэкІэр зэщхьу, нэхъ тынщу щытын папщІэ зэрІэдгъэзыкІын хуейхэм ятеухуауи Іуэху еплъыкІэ пыІуэхыкІа зэриІэр.

Къыдзэхуэсахэр а Іуэхум зэрегупсысыр нэхъ Іупщ Іу къагъэльэтъуэныр, ауэ ятеухуауи Іуэху еплъыкІэ пыІуэхыкІа зэриІэр.

Къыдзэхуэсахэр а Іуэхум зэрегупсысыр нэхъ Іупщ Іу къагъэльэтъуэныр, абы теуэуэ щІапІэхэр пыщІа Іуэхуэхэр къагъэувынныр зэрэынэхь фІэжьабылыр жиІэри, **Ажахъуэ Къанщобий** псалъэ иригъаті **Иуаныкъуэ Нурбий.**

Ди адыгэбзэр тхъумэну, дригупсысну, едгъэфІэкІуэну дыхуеймэ, дуней псом зэрагъэпэщауэ яІэ хэкІыпІэхэр къэдгъуеиІуэ щІэблэм и пащхьэ игъэхьан хуейщ: зэрырагъаджэ мультимедиагъэ Іэмалхэр, нэрыльагъу пособиехэр, н. к. КъищынэмыщІауэ, гулыітэ нэхъыбэ яхуэщІын хуейщ ар курыт школхэм, щІэныгъэ курыт, нэхъыщхьэ щызэрагъэгъуэт еджапІэхэм щылажьэ Іэщ Іагъэлі Іэм. Адыгэбзэр езыгъэджэхэм я улахуэр зыхуэдизым кІыбжьэ Іэ абы кІэралым хуиІщ пщІэр зыхуэдэр.

Щоджэн Іэминат арэзы дэхъуащ егъэджакІуэхэм жалаХэм. Абыи ыкІи щІэныгъэкъым адыгэ алыфбейр хуэзыжьэн мурадыр. Нобэ япэ игъэщІапхъэ кІалэну ямыдыІуэ, зэманмэ, ди льэпкъым, ди щІэблэмэ кьагъэувынныр. Сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, идекьыри я кьытызэогъэзэжьхэпэнырщ, хьэрэф 59-м и пІалэ? Ягъэ ттхын хуей мэхъу», - жиІащ Щоджэнми.

- Сэ ильэс куэдкІэ егъэджакІуэу сыпэжащ, курыт школхэм щекІуэкІми мыЛейуэ сыщыгъуазэщ, - кьыпищащ адэкІэ Щоджэнми. - Сабийм хэм и чэзум альфбейр кьаХуэщтэркъым. НэгъуэщІу жыпІэмэ, япэ классым щахуэзэмыгъащІэу, етІуанэ классми абы и уэрэ щитын хуей мэхъу. Сэ кьыІэзэрыслъытэмкІэ, альфбейр дамытъэ зырызу кьэдгъэльагъэу тщІын хуейщ. Ар тынш дыдэщ, сыту жыпІэмэ хьэрф псори зэпхъуэкІын хуейкьым, зыгуэтхэращ уэзгъусунур. Мыр тышІ дымыщІмэ, а яджыпсту еджэ тІэкІури емыджэж хьунущ.

Уэзлокъуэ Вячеслав арэзыгъэкъым Леонид и псалъэхэмкІэ:

- Адыгэбзэ альфбейр хъуэжкІын хуейуэ жызыІэр адыгэм и бийуэ аращ, - кьыхигъэщащ абы. - 1952 гъэ льандэрэ кьоКІуэкІ мыбы теухуа псалъэмакъыр, ауэ тІэкІу зыри ихьажьыкъым икІи зэрыщыІуар кьагурыІуэжурэ щІегъуэжажэр куэдщ. Иджыпсту дызэреджэм хьэрф нэхъ тышІ пхъуэщІынукьым, Гугъу жыпІэмэ - гугъущ. Ауэ дэ зэдгъэщащ, ди адэхэм зрагъэщІащ, ауэ щыхьэкІэ, кьыдекІуэ Іэнатіэм пэрытэращ. Район кьэс зы щыху нэхъ мыхьэми адыгэбзэмкІэ егъэзэжкІу хьунущ? Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ министерствэм, апхуэдэ кьызэрыхьэрыр зыпІэгъуэм, Іуэху имышІу щхьэ екІуэкІрэ, абы зэрыпэщІэтын Іэмал щхьэ кьымыгугъысырэ? Нобэ едгъэжьа псалъэмакъыр Іуэхум и пэщІдзэу дыкІэлъытти, Іэпэдэгъэлэл дывмыгъэщІу, республикэ гъэфащІэкІэри кьыхэдвгъаши, гуфІапІэ дахэм и пэублэ дывгъэщІ!

Иуан Петр и псалъэм кьыхэщащ жылагъуэ кьаруКІэ куэд зэрыпхъуэфІэмыкІынур икІи жаІа псомкІи зэрымыпрэзыр кьыхэлъэгъэнущ.

- Кьэралыгъуэ щыдгІэкІэ, дызыхуейкъэр пхыдгъэжІыфын хуейщ жызыІэхэм арэзы садэхъуркъым. Сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, дэ дыкъэралыгъуэ щхьэхуэжьым, дызэрыхуейуэ ди щхьэ и унафэ тщІыжьыфыну. Урысей Федерацэм и жьауэ дыщІэтщІ, абы кьыдигъэжІ унафэр дгъэзэщІэн хуейщ. Фэрэ зэрыфІэщІи, ди льэпкъ мащІэм и бзэр зхьумэнырщ, егъэфІэжьныр, и пщІэр Іэтыныр кьэралуэ унафэщІым кьызэрыфІэІуэхур мэскъалущ. АтІэ сыт тщІэн хуейр? НэгъуэщІ льэпкъэм, кьэралым щапхъэ зэрыдгъэхьэн, ди кІэрэ кьызэрихьІэ ди щхьэ Іуэху зедвгъэхуэжь. Адрей кьэралхэм сыт ящІэр? Доллар минхэр щІатынущ класс нэхъыщІэхэм анэдэлъхубзэр щезгъэгъэкІын кьетъуэлІэгъэным. Дэ сыт тщІэр, адыгэбзэр езыгъэджэхэр нэхъ тедгъэгушхуэн щхьэкІэ? Зыри. Зы гулыітэ яхуэтІэщІыркъым. Мис апхуэдэ Іуэхуэхэр кьэтІэту, ди хэгъэгум и кьару, и зэфІэкІ кьэдгъэсэбэпынкІэ Іэмал зимыІэщ.

Хьэфыщ Іэ Мухьэмэд жиІащ зы бзэкІэ дыщыпсэльынур, зы алыфбей кьыщыдгъэсэбэпынур льэпкъыр зы дыхьужмэу. Ар кьыщыхъунум дежьэу дыщІэкІэ зэфІэкІнукъым, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, абы зэманэ ихьанущ, уеблэмэ, кьэмыхъуэхэнкІи хьунущ. А мурадыр кьыдэхьулІэн папщІэ ихъ кьезэгърабгъуэ зыуэ щыт бзэ, щІэныгъэ, егъэджэныгъэ, хьэбарегъащІэ Іуэхуэхэр щыІэдзэкІэжьэн хуэдэу ди щІынальэхэм Іуэхур щызэтеублэныр, а жэрдэмэхэр щыІэныгъэщІэтъуафІэ щыІэ? (пространство) дыуэхуэныр.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.



Къалмыкъ Жылэбий, Щоджэн Іэминат, Аброкъуэ Беллэ.
Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

● Министерствэхэм

Ныбжьыщ Іэхэм яхуозэ

«Къэрал сыхьэт» хьыбарегъащІэ Іуэхуэщ Іапі Іэхэмкі Іэ и къэрал комитетым и унафэщІ Къумахуэ Мухьэдин иригъэкІуэкІащ республикэм къыщыдэкІ къэрал газетхэмрэ журналхэмрэ я унафэщІхэр зыхэтэ зэІуэщІэ. Абы къыхьэлІащ «Тетраграф» ООО-м и унафэщІ Щакъ Елбэрдэ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и «Роспечать» акционер зэгухьэныгъэ зэІуэхам и унафэщІ КІуж Замирэ. ЗэІуэщІэр зыгетехуауэ щытар республикэм къыщыдэкІ газетхэмрэ журналхэмрэ «Роспечать»-м и киосксхэм щыщэныр зэтеублэжьыныр щ.

МИНИСТРЫМ къызэригъэльагъэмкІэ, КъБР-р щыщІэныгъэ инвестицэ кьыхалъхьэн папщІэ, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым нэхъ щытыкІэфІ щызиІэ щІынальэхэм. Транспортым и Іэнатіэм зэрызыпхъэзыужьэрэ абы сэмэн зэсхьу.

Зи унафэщІ комплексым и ехъулІэныгъэхэр Суншым слайдхэмкІэ яригъэльэгъащ, дятэкІэ я мурадхэм яхутепсэлъыхьащ. Абы ныбжьыщІэхэр кьыхуриджащ республикэм и экономикэр зыхуей инженер, техник Іэщ Іагъэхэр кьыхахьну.

Еджакі Іуэхэми зыщІэщІэм зыхугъаІэхэзырат. Ахэр щІэупщІащ «маршрутхэхэр» автобус тыншхэмкІэ зэхьуэжІыкІ, транспорт гъэуэрыІуэхэхэр гъэбелджыныным пыщІа Іуэхуэхэм, гъуэгуэхэм зэрыщІзекІуэр нэхъыбІу кьызэхъэпэщІынным, уэрэмхэм кьыдыкъэ транспортым и бжыгъэр гъэмэщІэным тетхуауэу гъэжьыпхъэхэм, «Налышк» кхъуэхьлъатэтІысыпІэм уэгуфІэ зэпишІэ кьэралхэмрэ кьалхэмрэ зыхуэдэм, нэгъуэщІхэми.

Сыхьэтым щыгъэкІэ екІуэжІа зэІуЩэр щызэхущІыкым, министрым еджакІуэхэр кьитъэгугъащ Налышкрэ Кэнжэрэ зэпызыщІэ гъуэгум тет автобусхэм я лэжьыгъэр езыгъэфІэкІуэну хэжІыпІэхэм щыпІэ унафэр зезыгъакІуэ Іуэхуэщапіэхэм ягъуэсу хэпІыну.

КъБР-м Транспортымкі Іэ и министерствэм и пресс-Іуэхуэщ Іапі Іэ.

● Іуащхьэмахуэ куэй

Псы хущхъуэщІэ

Іуащхьэмахуэ льапэ пэмыжьжьу щыІэ Байдаевкэ жылагъэ щІыпІэм и уэрамхэм ящыщ зым къыщызэпкъыдуаУэ кьыщІож нарзан псы хущхъуэ хуабэ бэлыхь.

КЪУАЖЭДЭСХЭМ зэрыжаІэмкІэ, ар зыкІи къыщІхьэщыкІыркъым Джылы-Су ауэлм ильэс забжанэ и пэкІэ щхьэусыгъуэ мыгурыІуэгъуэхэм кьахэкІыу щыгъужауэ щыта псы хущхъуэ кьыщІэжьпІэ иным. Іуащхьэмахуэ ехьэлІа щхьэхэм кьэхуэтыным елэжь щІэныгъэмкІэ Гулиев Азэмэт кьызэрильытэмкІэ, ар лъэхъэнэшхуэкІэ мамыру щыта Іуащхьэмахуэ кьэхъуэльэну зэрызигъэхьэзырым, кьызэрыуШым и зы нэщэнэщ.

Куэд мыщІэу щІэныгъэлІхэм кууэу кьапщытэн щІадзэнущ мы псым и зэхэлыкІэ нэсымрэ щІыхум дежкІэ абы хэль сэбэпынагъымрэ. Ар кьэзыгъэсэбэп кьуажэдэхэм гу зэрылъатамкІэ, псым зы тхьэмахуэ зэхуакум кьриуфыдэу льатэ узыр егъэувыІэ. Хэт ищІэрэ, абы нэгъуэщІ хущхъуэгъуэхэри хэльу кьыщІэкІынщ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Си еджапІэ - си къежьапІэ

● Дерс зэІухахэр

Уэ упсэущ иджыри, Аслъэнбий

ГъащІэм зыгуэр щызэбгъэхъунІэну уи мурадмэ, пэжыгъэр пщыгъун хуейщ, пщІэ зэбгъэгъэутынымэ - лЫгъэ пхэлыпхъэщ, уи псэр кьабзэу, уи акьылыр бзыгъэу упсэунымэ - лъэпкъ хабзэр уи гъуаэзу щытыпхъэщ. Щыху хьэл-щэным я нэхъыфІхэм хальитІэ а щытыкІэхэр хэлъаш адыгэмІ нэс, къэрал унафэщІ щыпкъэ Ахъуэхъу Аслъэнбий Нахъуэ и къуэм.

ЩЫХУ зэпІэрэгрытым и гъащІэмрэ и лэжьыгъэмрэ ягу кьыщІэхьІыж зэІуІущІэхэр иджыблагъэ щекІуэкІащ ар щалъхуа ШэджэмЕтІуанэ кьуажэм. Абыхэм ящыщщ жьлэм дзт курыт школ №2-м адыгэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэдж Кьарэ Іэсият кьыхэзыгъэпэща дерс зэІухэр. Абы кьырагъэблэгъат еджапІэм и унафэщІэхэр, егъэджакІуэхэр, зэхыхьэр фэеплъ зыхуаІща лЫхьжьыжьым и благъэхэмрэ Іыхьлыхэмрэ.

Дунейм и набдзэщ цыхур,
Дунейр щІэдахэр цыхуращ,
Цыхугъэр фадж фЫмыщІу,
Фи гъащІэр екІуу ефхъэжІ.
А зыр уэсяту фхуэощІыр -
Ар зыгъэзащІэр си щІасэщ.

Адыгэ уэрэдуе Хьэхъупащэ Амырхан а и усэ сатырхэмкІэ ябла нэужь, егъэджакІуэр кьытеуыІащ цІыхугъэм, адыгагъэм, пэжыгъэм.

- ЦІыхум жылагъуэм щиІэ пщІэ лъагэм и лъабжьащ абы и гупсысэхэм, и ІуэхущІафэхэм яІэ мыхьэнкІэ, яхэль дахагъэр. Абы и лъэныкьуэкІэ щэджамдэхэм кьытщІэхуэзу щІэбгъэлэм я щапхъэщ ди кьуажагъэу щэджащэ Ахъуэхъу Аслъэнбий Нахъуэ и къуэр. Ар кьыззэралъхуэр яджкІыгъэ ильэси 100 ирикъуащ, - жиІащ Къарэм. - Ди зэІущІэм кърихьэлІахэм нобэ фи пащхьэ итлхьэнущ 10-нэ классым щІэс си къуэшІафІэм Ахъуэхъу и гъащІэ кущІафІэм теухуауэ ирагъэжІуэжа кьэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм кьаркІуахэр, апхуэдэуэи щыгъуазэ фыхуэтІущІыну Аслъэнбий и бынхэм я адэм теухуа я гукъэкІыжхэм.

Дерсым и пэ кьихуэу ныбжьыщІэхэм ирагъэжІуэкІа кьэхутэныгъэ лэжьыгъэм кьыззэщІыбдахэм ящыщщ Ахъуэхъум и гъащІэ гъуэгуанэм хуэгъэпсауэ абыхэм Интернетым, нэгъуэщІ хьыбарегъащІэхэм итхэр кьэуГъуенныр, щІыхушхуэм, Хэку зауэщхуэм лЫгъэ зэрихьэу хэта, иужькІэ кьэрал кьулыкъу лъагэхэр зезыхьа я кьуажэгъуэм теуха сочиненэ тхыныр, нэгъуэщІхэри. Апхуэдэу еджакІуэхэр я класс унафэщІыр я гъусэу щыхьэщІат Аслъэнбий кьыщІэна и унагъуэм, яхуэзат абы и бынхэм. Абыхэмэ щытепсэлъыхьыжащ зэхуэзэ гуапэм.

Зэшыпхъуэм ящыщу Ларисэрэ Еленэрэ хьэлэмэт куэд жаІэжащ я адэ щІэныгъэм теухуауэ. Абы кьытеуха дэфтэр, сурэт гъэщІэгъэнэхэр сабийхэм ирагъэлъэгъащ.

Ахъуэхъу Аслъэнбий и гъащІэ купщІафІэм екъэІауэ ныбжьыщІэхэм ятха сочиненэ зыбжанэм дерсым кьыщеджащ. Ахэр теухуат Аслъэнбий и сабийгъуэм, щІалэгъуэ зэманым, Хэку зауэщхуэм щызэрихьа лЫгъэм, мамыр гъащІэм щызэфІиха Іуэхугъуэшхуэхэм. Тхыгъэ нэхъыфІу кьалытащ еджакІуэхэу Сонбэч Артурэрэ Хьэжы Лаурэрэ я кьалэмыпэм кьыпыкІыаэр.

Дерсым и утыку кьрахьа псалъэмакъ псори егъэджакІуэм Іэкіуэльакіуэу кьыззэщІыкъуэжащ, абы зыкъызгъэхъэлІахэм ФІыщІэ яхуищащ. Зэхуэсым и кІэухыу абы щыІуащ Хьэлупщ Лолэ Ахъуэхъу Аслъэнбий хуитхауэ щыта «Упсэущ иджыри» фэеплъ уэсэр.

Уэ упсэущ иджыри, Аслъэнбий...
Уи цыхугъэ пэжыр щЫм тетынщ.
Щыгъупщэныкъм уи кьуэрыльхъу сабийм,
БалигъыпІэм нэсмэ, уэ узыхущІэнщ -
Щыжьэдэ нобэ уи феерлъымк.
Махуэ бзыгъэ дахэм и дыщ
ШхьыантІэу уэ унгъафІэу епэр гулъым
Накьыгъэ зэмыщыкІэ нэху пхуегъэщ...
ЯІэтІыщ уи щыхьыр уи лъэпкъ щІэблэм
Лъагъуныгъэ пэжкІэ гущІэр пхуатІэтэнщ.
Щхьыщхьыуэгъуэрыгъэ кьыздэблэм
Мазэ изым и нур дыщІигъунщ...
Уэ упсэущ иджыри, Аслъэнбий,
Бын и бынкІэ уи цІэр дз дгъэфІэнщ.
Щабэу, гуапэу уи кьурш кьуалъбзуэм
Пкуэстх уэрэдыр сэ яІэщІэслъхьэнщ.

КЪАРДЭН Маритэ.

Дерс зэІухар кьызэзыгъэпэща егъэджакІуэ Кьарэ Іэсиятрэ абы и гъэсэнхэмрэ.

УФ-м и Президентымрэ Правительствэмрэ кьыдагъэкІа Унафэм ипкъ иткІэ, 2012 гъэм кьыщыщІэдзауэ къэралым и курыт школхэм щрагъэджынущ «Дин щэнхабзэхэмрэ идыкьрей гъэсэныгъэмрэ я лъабжьэхэр» предметыр. А іухуэгъуэр ди республикэм и еджапІэхэм зэрыщекІуэкІыну щІыкІэмрэ абы пыщІа кьалэм щхьэхуэхэмрэ тедгъэпсэлъыхьыну идыкьблагъэ зыхуэдгъэзащ КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министр Щхьэгъэпсо Сэфарбий.

- Сэфарбий, псом япэрауэ, сыт хуэдэ Іуэхугъуэхэр кьызэщІиубыдарэ «Дин щэнхабзэхэмрэ идыкьрей гъэсэныгъэ я лъабжьэхэр» предметым? Ар школ программэм хагъэхьэныр и мурад, и кьІэлэн нэхъыщхьэхэр сыт хуэдэ?

- А курсым хохьэ унэтІыныгъи 6. Апхуэдэхэу: «Христэн дин щэнхабзэм и лъабжьэр», «Ислъам дин щэнхабзэм и лъабжьэр», «Буддэ дин щэнхабзэм и лъабжьэр», «Иудей дин щэнхабзэм и лъабжьэр», «Дунейпсо дин щэнхабзэхэм я лъабжьэр», «Иджырей гъэсэныгъэм и лъабжьэр». Абыхэм ящыщ дэтхэнэ зы унэтІыныгъэми школаІэхэр щыІа гъуаэз ищІынущ а щэнхабзэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэм, дин, светскэ хабзэм. Зы щэнхабзэр щежьэІ, адрейм и Іей е ифІ кьыхаГощынукъым, атІэ дэтхэнэми хэлъ гупсысэ нэхъыщхьэр кьагъэльэгъуэну аращ.

Предметыр ныбжьыщІэхэм егъэджэныным и кьалэн нэхъыщхьэр абы пыщІащ: аджакІуэхэм я дин щэнхабзэ зэхэщІыкІым зегъэужьын, дин зэхуэмыдэхэм щыгъэгъуэзэн, абыхэм пщІэ яхуищІу, зэхэщІыкІ яхуиІэу кьэгъэтэджын. А псори хуэгъэпсэжьэн лъэпкъ куэд щыпсэу ди кьэралым, дин зэмылІэужьыгъуэхэр щызекІуэ ди жьлагъуэм зэгурыІуэныгъэр щытепщэу, цІыхухэм яку пщІэрэ нэмысрэ дэлъу щытыным.

- Зэрыграгъаджэ программэм сыт хуэдэ узыпІэ кьыщылъысыну я предметым? Ар Іэмалынщэу псоми яджыпхъэ?

- Дин щэнхабзэхэмрэ идыкьрей гъэсэныгъэмрэ ятеухуа курсыщІэм зэреджэ программэм узыпІэ хэха щеубыд. Ар сабийхэм ящыкІуну пщІэдзэ классхэм кьыщІэхуэмрэ абы кьыкІэлъыкІуэ классхэм япэщІадзэмрэ кьэрибыдзэу. Егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэм и Іыхьэ нэхъыщхьэр зэпызыщІэ предметхэм хохьэ «Дин щэнхабзэхэмрэ идыкьрей гъэсэныгъэмрэ я лъабжьэхэр». Зы лъэныкьомкІэ абы пещІэ 4-нэ классым щадж «Дыкъэзыухъурееихь дунейр» предметым. Адрейм кІэ ар пщІэдзэ іуэтлъэ 5-нэ классым щІэс сабийхэр зэджэ «Тхыдэ» предметым.

УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствоми и унафэщІ ягъэ щІыкІэ, федеральнэ хэрал егъэджэныгъэ стандартыщІэр хуэгъэпсащ щІэблэм псэкупсэ зыужьыныгъэр зэрыкІэ гъэсэныгъэрэ яхэлъхьэныр, Урысей Федерацэм щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэм, лъэпІэныгъэхэм ар щыгъуэзэ хуэщІыным. Зи гуГъу щІы курсри а мурадхэр зэгъэхъулІэным хуолажьэ.

А предметыр зэреджэ программэ нэхъыщхьэм и зы Іыхьэу хуэвэнущ. Ар ящыщщ школакІуэхэм Іэмал имыІэу яджын хуейхэм. Курсым и теухуа предметхэр зэхуэдэу, зы мардэмрэ ныбжьыкІэмрэ иту, зэхэгъуэващ. Абыхэм я методикэ лъабжьэхэри кьалэнхэми зэщІыкъыкІыныгъэшхуэ яІэкъым. Дэтхэнэм и дежкІи нэхъыщхьэр дин щэнхабзэ хэхам хэлъ щхьэхуэныгъэхэм, лъапІэныгъэхэм сабийр щыгъуаз хуэщІынырц, армыхъумэ ар дин фІэщхъуэныгъэм хуэунэмкІыным. Абыхэм кууу ухашэркъым дин хуэІуэхуэщІэхэм.

Апхуэдэу кьыкъэзыщІынхъэщ сабийхэр зэрыт ныбжьым, абыхэм дунейм и зэхэлыкІэм хуаІэ еплъыкІэм, я акъылым, гупсысэм зэрызэгъэужьам ельытауэ тхьалъхэр зэрызэхуэвар. Предметыр джынщ зыкІи кьатехьэлъэныкъым 4-5-нэ классхэм щІэс сабийхэм.

- Сэфарбий, «Дин щэнхабзэхэмрэ идыкьрей гъэсэныгъэмрэ я лъабжьэхэр» курсыр зэрызэхэт унэтІныгъэхэр дауэ кьыхэха зэрыкъуар?

- ИпэкІэ зи гуГъу тщІа унэтІныгъэхэу «Православнэ дин щэнхабзэм и лъабжьэр», «Ислъам дин щэнхабзэм и лъабжьэр», «Буддэ дин щэнхабзэм и лъабжьэр», «Иудей дин щэнхабзэм и лъабжьэр», «Дунейпсо дин щэнхабзэхэм я лъабжьэр», «Иджырей гъэсэныгъэм и лъабжьэр» жыхуиІэхэм ящыщу сабийм ящыкІуну зыщ. А предметыр кьыхахынущ сабийхэмрэ абыхэм я адэ-анэхэмрэ. Адэ-анэм я арэзыныгъэ хэмылъу, сабийм унэтІныгъэ гуэр иджыну хэбгъэзэныкъым. Школым и унафэщІэхэр, егъэджакІуэхэр хуитІ-ым сабийм иджыну унэтІныгъэр кьыхихыну. Дэтхэнэ адэ-анэми школ унафэщІыр тхыгъэкІэ щигъэгъуэзэн куэйщ и сабийм иджыну унэтІныгъэр сыт хуэдэрами. ИужькІэ а кьыхахар щыщІагъэбыдэжьмэхъщ адэ-анэхэм я зэхуэсхэм кьыщащтэ зэчфэм.

Кьетхъэжьа Іуэхум теухуа лэжьыгъэ адэ-анэхэм щыдгъэкІуэкІыпхъэщ республикэм и курыт школ псомкІи. Абыхэм ягурыгъэІуэн хуейщ курсым и мурад нэхъыщхьэмрэ я кьалэнхэмрэ. Щхьэхуэу епсэлъыпІэн хуейщ и сабийм кьыхихыну унэтІныгъэр кьыхэхьыныкъэ адэ-анэхэм, унагъуэхэм. КьинэмыщІауэ, адэ-анэхэр хуитщ я бынхэм иджыгъщадза ныужь и предмет унэтІныгъэр яхуэужьыкІыну. Ар щыгъуэм курсым и кІэухыу ящІэ ныбжьыщІэхэм я ныбжьыкІэ, я пщІэрэ я гъэсэныгъэ, я ныдэлъфыгъэ, я ныдэлъадэгъэ, я ныдэлъадэгъэ, я ныдэлъадэ

Тхьылъ тедзапIэ лъэщхэм йохьэйохуэ

● Хъыбар гуапэ

«Илъэсым и тхылъ нэхъыфIхэр» зэхьэзэхуэм хэтынухэмрэ зэрекIуэкIыну щIыкIэмрэ яубзыхуащ. Ар ирегъэкIуэкI Урысейм и тхылъ тедзапIэхэм я ассоциацэм. Абы щIигъуащ Къэрал щхьэхуитхэм тхылъхэр зегъэкIуэныжьмкIэ и Ассоциацэр. Тхылъхэм я дунейпсо гъэлъэгъуэныгъэхэмрэ жармыкIэхэмрэ къызэгъэпэщыжьмкIэ Iуэхущ1апIэр. Къэрал Думэм хъыбарегъащIэ политикэмкIэ, Iэмалхэмрэ связьмкIэ и комитетыр, Славян тхыбзэмрэ щэнхабзэмкIэ дунейпсо фондыр, Урысейм тхылъхэмкIэ и союзыр, Урысейм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэр, УФ-м и Сату-промышленнэ палатэр.

ГъЭ КIУАМ кьриубыдэу, зэхьэзэхуэм хэтащ тхылъ тедзапIи 167-рэ, абыхэм утыку хэтащ тхылъ 645-рэ. Хамэ къэралитхум щылажьэ уриус тхылъ тедзапIэхэм кьыдагъэкIаХэрэ къагъахьат мы зэхьэзэхуэм.

КъэпщытакIуэ гупым хэтыну ирагъэблагъат ПечатымкIэ Москва къэрал университетым, Урысей къэрал библиотекэм, Урысей сабий къэрал библиотекэм, «Книжное обозрение», «Книжная индустрия» журналхэм я IэщIагъэлIхэр.

Зэпеуэм хагъэхьахэм яущыщ Котляровхэ Мариерэ Викторрэ я тхылъхэр. «Урысейм и щIыналъэхэм заужьынымкIэ дэIэпыкъуэгъу хьу тхылъ нэхъыфI» Iыхьэм кьыщыгъэльэгъуащ Мариерэ Викторрэ я «Кавказ» серием и кьыдэкIыгъуитху: «Край гордой красоты», «Адаты горских народов», «Культы, легенды, предания», «Музей мировой истории», «Народы: история развития».

Къыхэгъэщын хуейщ илъэс кIуами Котляров зэщхьэгъуэгъэхэр мы зэхьэзэхуэм и лауреат зэрыхьуар, «Заповедная страна на Кабардино-Балкария» зыфIаща сурэт альбомымкIэ.

Идджыри зы екъулIэныгъэшхуэ яIэщ Мариерэ Викторрэ я Iуэхущ1апIэм щылажьэхэм. Абыхэм я Iэдакъэщ1экIхэр Урысейм и тхылъ нэхъыфIхэм хэтщ. КИФЩI-м кьыбгъэдэкIыу а тхылъ тедзапIэм и закъуэщ зэхьэзэхуэм и Iыхьэ псоми хэтыфар, Урысейм и щIыналъэ зэхуэмыдэхэм щылажьэ «Эксмо», «Наука», «Азбука», «Молодая гвардия», «Искусство», «Слово» Iуэхущ1апIэ нэхъ ин дыдэхэм ехьэхуэру.

ГЪУКIАКЪУЭ Идар.



● КъБР-м и прокуратурэм

Хабзэм и хъумакIуэхэм я зэIущIэ

КъБР-м и прокуроры и кьуэдзэ Жекеев А. М. иджыблагъэ иригъэкIуэкIащ КъБР-м щыIэ МВД-м Информацэмкl э и центрым я лэжьакIуэхэр, кьалэхэмрэ районхэмрэ я прокурорхэр, Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм следственмкIэ и органхэм я Iэнатlэхэм я унафэщIэхэр зыхэта семинар-зэIущIэ.

Абы щытепсэльыхьащ уголовно-правовой статистикэ зэтетхъуэныкъо, республикэм и хабзэхьумэ органхэм пэублэ учетымкIэ документхэр кьиэзэрыщызэрагъэпэщыжьмрэ абыхэм зэрелэжьыжьмрэ ехьэлIа Iуэху нэхъыщхьэхэм.

ЗэрыщIиуфам къыхэкIыу

УФ-м и УК-м и 237-нэ статьям и япэ Iыхьэм кьыщыгъэльэгъуа щIэпхьаджагъэ зэрилэжьам кьыхэкIыу, 2012 гъэм мэлыжьыхьым и 6-м Прохладнэ районым судым Сосновэ Галинэ Иван и пхъум сом мини 10 кьуэдыуэ трилъхьащ.

«КъБР-м и ветеринар Iуэхущ1апIэ» ГУ-м Прохладнэ куейм щиI станцым и Iщ1 дохутыр Сосновэ Галинэ ккъуафэ тонн 20-м «Африкэ емынэ уэ» вирусыр зэрахэтыр щIиуфэри, тхылъ нэпцI итхат. Кхъуафэхэр зэрагъэжькIыну хунэсатэмэ, цыхуэхэм я гъащIэмрэ я узынщагъэмрэ щынагъуэщхуэ пылъынут.

Зэхищ1ыхьамкIэ нэсу зэрызиумысыжьар, зэрыщIегъуэжар, сабий цIынэ зэриIэр зэкIалытэри, Сосновэр ягъэтIысакъым.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

Премьер-лигэм «сэлам ирахыжьпэ»

● Футбол

«Амкар» (Пермь) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 1:0 (1:0). Пермь. «Звезда» стадион. Мэлыжьыхьым и 21-м. Щыуз 8300-рэ еплъащ.

Судьяэр ЕГОРОВ (Новгород Ищхьэрэ). Березняев (Дон Iус Ростов), Данченко (Уфа).

«Амкар»: Нарубин, Миялович, Белоруков, Сираков, Новакович, Гришин (Тюкалов, 88), Васильев (Гаращенков, 90+6), Рябокобыленкэ, Пеев (Блажич, 84), Бурмистров, Якубкэ.

«Спартак-Налшык»: Будаков, Джудович, Овсиенкэ, Хьэгуш (Голич, 77), Аравин, Рухаиа (Бийтрагэ, 46), Концедалов, Щаницын, Болэ, Фомин, Сирадзе (Митришев, 46).

Топыр дигьэкIащ: Гришиным, 34 (1:0).

Дагъуэ хуащIащ Концедаловым, Бурмистровым, Сираковым, Миялович, Нарубиным.

КУЭД ЩIАУЭ зи Iэфlагъ зыхимащIа текIуэмыгъэр джэгугъуэ кIуам «Спартак-Налшыкым» къыхэрихьам командэм кьыдэщIхэм я гугъэхэр кьигъэщIэрэщIэжат премьер-лигэм илъэс кьаIуи ди командэр хэтыну. Абы 250-нэ зэIущIэр щезыгъэгъуэ. «Амкар»-ми и юбилей махуэр кьыхэрыуэ-IимыгъэхьэмкIи ерыщу зэрыкуэщIэкъыдыр шэч хэлъгъэкIым.

Джэгум и япэ сыхьэт пыкъуэр командэхэм губгъуэм и кум щагъэкIуащ, топ дэзыгъэкIын дэнэ къэна, гъэм бгъэдыкIын кьахэмыкIыу. Хэгъэрейхэм зыри кьащемыкъулIэм, хьэщIэхэр сэбэп кьахуэхъуащ: Васильевым яущыщ Котляровхэ Мариерэ Викторрэ я тхылъхэр. «Урысейм и щIыналъэхэм заужьынымкIэ дэIэпыкъуэгъу хьу тхылъ нэхъыфI» Iыхьэм кьыщыгъэльэгъуащ Мариерэ Викторрэ я «Кавказ» серием и кьыдэкIыгъуитху: «Край гордой красоты», «Адаты горских народов», «Культы, легенды, предания», «Музей мировой истории», «Народы: история развития».

Къыхэгъэщын хуейщ илъэс кIуами Котляров зэщхьэгъуэгъэхэр мы зэхьэзэхуэм и лауреат зэрыхьуар, «Заповедная страна на Кабардино-Балкария» зыфIаща сурэт альбомымкIэ.

Идджыри зы екъулIэныгъэшхуэ яIэщ Мариерэ Викторрэ я Iуэхущ1апIэм щылажьэхэм. Абыхэм я Iэдакъэщ1экIхэр Урысейм и тхылъ тедзапIэм и закъуэщ зэхьэзэхуэм и Iыхьэ псоми хэтыфар, Урысейм и щIыналъэ зэхуэмыдэхэм щылажьэ «Эксмо», «Наука», «Азбука», «Молодая гвардия», «Искусство», «Слово» Iуэхущ1апIэ нэхъ ин дыдэхэм ехьэхуэру.

ГЪУКIАКЪУЭ Идар.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и премьер-лигэм зэхьэзэхуэр зэрыщIекIуэкIыр «А» гупым

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Зенит»	**40**	**22**	**15**	**3**	**77-34**	**81**
2. «Динамо»	**40**	**20**	**9**	**11**	**61-44**	**69**
3. «Спартак»	**40**	**19**	**11**	**10**	**61-43**	**68**
4. ЦСКА	40	17	15	8	66-43	66
5. «Локомотив»	40	18	11	11	56-38	65
6. «Анжи»	40	17	12	11	46-36	63
7. «Рубин»	40	16	13	9	48-34	63
8. «Кубань»	40	15	12	13	46-41	57

«Б» гупым

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
9. «Краснодар»	40	15	11	14	51-53	56
10. «Амкар»	40	13	11	16	33-45	50
11. «Тэрч»	40	12	8	20	37-58	44
12. «Ростов»	40	11	10	19	40-56	43
13. «Крылья Советов»	40	10	13	17	29-49	43
14. «Волга»	40	12	5	23	34-50	41
15. «Томь»	**40**	**7**	**11**	**22**	**27-67**	**32**
16. «Спартак-Налшык»	**40**	**7**	**9**	**24**	**33-54**	**30**

Новгород Ищхьэрэ щыIэу «Томь»-м 2:0-у «Волга»-р текIуа нэужь ди щIалэхэм гуп нэхъыщхьэм «сэлам ирахыжащ».

ЕплIыщIанэ джэгугъуэм хихыдыру екIуэкIа адрей зэIущIэхэр мыпхуэдэу ихуащ: **«А» гупым: «Динамо»** (Мэзкуу) - **1:0, ЦСКА** (Мэзкуу) - **1:0, «Спартак»** (Мэзкуу) - **«Анжи»** (Мэхьачкалэ) - **0:3, «Кубань»** (Краснодар) - **«Зенит»** (Санкт-Петербург) - **2:2, «Локомотив»** (Мэзкуу) - **«Рубин»** (Къазан) - **0:0; «В» гупым: «Крылья Советов»** (Самарэ) - **«Ростов»** (Дон Iус Ростов) - **2:1, «Волга»** (Новгород Ищхьэрэ) - **«Томь»** (Томск) - **2:0, «Тэрч»** (Грозн) - **«Краснодар»** (Краснодар) - **0:1**.

КъыкIэлъыкIуэ зэIущIэр ди щIалэхэм Налшык щрагъэкIуэкIынущ. Мэлыжьыхьым и 27-м абыхэм къарагъблэгъэнущ Самарэ и «Крылья Советов»-р.

ЖЫЛАСЭ Замир.

● Каратэ

Медаль зэхуэмыдэхэр зыIэрагъэхьэ

Ставрополь крайм хыхьэ Зеленокумск кьалэм щыIэхэтащ Кавказ Ищхьэрэ федераль-нэ щIыналъэм каратэмкIэ и зэхьэзэхуэ. Къэбэрдей-Балкъэрым икIа щIалэщIэхэм абы фIы дыдэу зыкъыщагъэлъэгъуащ икIи етIуанэ гуп увыпIэр щагубыдащ.

ЗЫХЭТА хьэлъагъэхэм пашэ щыхъуащ Кьанжмут Алан, Уэсэмэн Ренат, Мэкъуауэ Алим, Абрэдж Алим, Тилов СулътIан, Ахкубеков Араджаб, Шишкин Юрэ сымэ. Дыжьын медалыр кьаратэщ Дрэбин Олег, Инарэ Валерий, Хулчаев Темирлан, Байсиев Исмэхьил сымэ. ТхьэнлI Анзоррэ Савенкэ Валерийрэ ещанэ хьуащ.

Зеленокумск кьыщыхэжаныкIа щIалэхэр ягъасэ Сэбаншы Мураттэ Шахмурзаев Шахмурзэрэ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

● Дзюдо

«ЩIалэгъуэр» къэралым щынэхъыфIщ

Май кьалэм иджыблагъэ щыIэхэтащ дзюдомкIэ республикэпсо зэхьэзэхуэ. Абы щIэныкъо Налшык кьалэ, Май, Прохладнэ, Тэрч, Аруан, Шэджэм, Шэрэдж куейхэм икIа спортсмен 90-м ирилъагъэ.

Я ХЬэЛЬАГЪ елытауэ щыбзнэ гупхэм пашэ щыхъуащ Уэнаев Тимур, Блий Исмел (тIури Налшык щыщщ), майдэсэ Биналиев Вейсал, Шаландин Владислав, Наужьокъуэ Залымджэрий, Тэрч куейм щыщхэу Шыхьэуэ Исламмэ Уэрыш Кьантемырэ, Мусаев Мавлюд (Нартан), Лысенкэ Иван (Прохладнэ), Индрей Аслъэн (Шэрэдж куей).

КьыщинэмыщIауэ, зэхьэзэхуэм и щIэ кьыщрыауащ 2011 гъэм Урысей Федерацэм щынэхъыфIу кьалыпIэ, Прохладнэ кьалэм дзюдомкIэ и гъэсакIуэ «ЩIалэгъуэ» спорт клубым. Тренер нэхъыфI хьуащ Прохладнэ кьалэм дзюдомкIэ и гъэсакIуэ нэхъыжь Рахманов Валерий. Дзюдоист нэхъ Iэзэхуэ кьалытащ прохладнэдэсхэу Кляпинэ Юлианэрэ Лысенкэ Иванрэ, судья нэхъыфI хьуащ Май куейм и спорт школым и тренерегъэджакIуэ Бунятов Ализаде.

МЭЗКУУ Кьанщобий.

Май щIалэм щыIэ Iуэхущ1апIэм щыщ щIалэ щIэныкъо Iуэхущ1апIэм ирагъэкIуэкI Iуэхугъуэм ипкъ иткIэ, КъБР-м щыIэ МВД-м и «Э» центрым и лэжьакIуэхэм «Налшык - Прохладнэ» гъэгуш и 8-нэ километрым дэк, «ЩIэнэльыкIуэ» псы Iуфэм хуэзэу «Лада-Приора» автомашинэр зэрыгъакIуэм къэувыIэну хуагъэльэгъуащ.

АРЩХЬЭКIэ, рулым дэсым ар уэим ищIри, полицейхэм Iэщ1экIэ кьахэуэу щIидзащ. Абы жэуап щратыжьым, щIэпхьаджащIэр хэкIуэдащ.

ЯIэ хъыбарымкIэ, яуклар 1983 гъэм кьалъхуащ. Бахъсэн куейм щызэуэ Iэщ1экIэ зэщIэузэда бзаджащIэ гупым хэтхэм я щIэгъэкъуэну щытащ. Iуэхур кьыщыхъуа щIыпIэм кьыщагъэтащ фоч, зи номерыр трагъэкIыжа ТОЗ-8, УРЗГМ-м и пкъыгъуэ, мы 5,6-рэ хэу щэхэр.

Къэрал кIуэцI IуэхуэхэмкIэ министерствэу КъБР-м щыIэм Хъыбархэмрэ жылагъуэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и Iэнатlэ.

Жюнюс яубыд

1990 гъэм кьалъхуа цIыхубзым Урысей Федерацэм и МВД-м Май куейм иK и къудамэм зыхуигъэзащ. Жюнюскlэ зэджэ щIалэм сом мин 339-рэ зыIэригъэхьат, анэм хухах мылькур къыззрырятыну сертификатыр цIыхубзым гъэпщIагъэкIэ кьыIэщIигъэкIри.

КъЭПЫХЪУЭНЫГЪЭХЭР щрагъэкIуэкIым, полицейхэм а щIэпхьаджагъэр илэжьауэ щэч зыхуащIыр хэтми яубзыхуащ. Ар 1977 гъэм кьалъхуа, нэхъапэм суд зытращIыкIауэ щыта налшыкдэсырщ. Ешым теухуауэ абы цIыхубзым ярилэжьм ящIыщу пэжыр и цIэ закъуэращ.

Къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

Зэ Iущ1э нэужьым

ШЫПШ Тимур,
«Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ:

Аргуэру кьыдэхъулIакъым

- ЗэIущIэм и япэ Iыхьэм ди джэгукIэр тэмэму тхуэзэтехуакъым. ЕтIуанэм еблагъэ кIуэныгъэр нэхъ дгъэлъэщын мурадкIэ, щIалэгъуалэр губгъуэм кьидгъэхьащ, арщхьэкIэ кьикIа щыIэкъым. КIэух дакъикъэхэм ирихьэлIэуащ дызыхуея джэгукIэм дыхуэхуэIуэн щыщIэдзэр. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, очко кьытхуэхьакъым.

БОЖОВИЧ Мюдраг,
«Амкар»-м и тренер нэхъыщхьэ:

Бжыгъэм арэзы сыкъеущI

- Мыпхуэдэ зэIущ1э хьэлъэм дыхуэхьэзыру губгъуэм дыкьихьат. Налшыкдэсхэм «Волга»-р бжыгъэшхуэкIэ хагъэщIа нэужь, гукъыдэжьщхуэ яIэну дыпэплъащ. ЕбгъэрыкIуэныгъэм псори кьыщыдэхъулIакъым, топ дэдгъэкIыну Iэмал машIэ дыдэщ диIар, ауэ ахэр кьэдгъэсэбэпащ. Си щIалэхэм грогушхуэ. Абыхэм ядджыри зэ наIуэ ящIащ ди губгъуэм Урысейм и дэтхэнэ командэм дыззрыщытекIуэфынур.

МЭЗКУУ Кьанщобий.

«Амкар» (Пермь) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 0:1 (0:0). Мэлыжьыхьым и 20-м. Пермь. «Амкар» спорт комплекс. Щыуз 800 еплъащ.

Судьяр Йваное (Дон Iус Ростов).

«Амкар»: Опарин, Идову, Мьошкович, Цискаридзе, Панцырев (Киричмар, 70), Молодцов, Козлов (Кочкин, 57), Рудаков, Смородин, Романенко, Андриевский.

«Спартак-Налшык»: Антипов, Мкоян, Хьэгъэбанэ, Багаев, Гъурф, Чеботару, Ковальский, КъуэущIыкоськуэ, Мырзэ (Балэ, 46), Тебэрды (Бештокъуэ, 90), Жэмыхъуэ (Бай, 60).

Топыр дигьэкIащ Балэм, 83 (1:0).

Дагъуэ хуащIащ Молодцовым, Опариным, Жэмыхъуэм, Тебэрдым, Балэм, Идову, Романенкэ, Мьошкович.

Джэгум кьыхахуащ Молодцовыр.

МЫ ГЪЭМ зэрыщIидзэрэ иригъэкIуэкIа зэIущIиблым щыщу 5-м текIуэныгъэ кьыщыдэхъуа «Спартак-Налшык» и щIалэгъуалэ командэр иджырей зэIущIэм и турнир таблицэм пашэныгъэр щиIыгъыу ирихьэлIащ. Апхуэдэ щытыкIэм тетмэ, мы махуэми абыхэм очкоищ кьахьын хуейт. Мэлыжьыхьым и 20-м ахэр зыIущIа «Амкар»-ми джэгукIэ хъыдэхъуащ. Налшыкдэсгъуэу, ику увыпIэхэр иныгът.

ЗэIущIэр Нэхущ Къазбэч и гъэсэнхэм жыджэру кьыщIадзащ. Налшыкдэсхэм я ебгъэрыкIуэныгъэ псынщIэхэм хуэмыхьэзыра хэгъэрейхэр Iэнкун къэхъуащ икIи хабзэр кьыззрауащ.

25-нэ дакъикъэр екIуэкIыу арат «Амкар»-р зы цIыхукIэ нэхъ мащIэу кьыщынам - етIуанэу дагъуэ зыхуащIа Молодцовыр судьям джэгум кьыхихуащ. Абы и фIыгъэкIэ, тепщэныгъэр къызылъыса ди щIалэхэр, нэхъапэми ецIхьу, гупышхуэу пермдэсхэм я гъэм екIуэлIэрт. ЕбгъэрыкIуэнэ Iэмал зимыIэ хэгъэрейхэр захъумэжьыну зэрыкомандэ я гъэныкъуэмкIэ кьинкIуэтащ. «Спартак-Налшыкым» и футболистхэм екIуэлIапIэ ирамыту.

ЗэIущIэм и етIуанэ Iыхьэми «Амкар»-м и джэгукIэм зихъуэжакъым. БжыгъэкъызэIуамыхьифмэ, зы очко кьыз1эрахьыным, я гъэм хьэрхуэрэгъуэр кьыззрырамыгъэкIуэлIэным хущIэкъуат. АрщхьэкIэ ди щIалэхэм я ебгъэрыкIуэныгъэ псынщIэхэм хуэмыхьэзыра хэгъэрейхэр Iэнкун къэхъуащ икIи хабзэр кьыззрауащ.

25-нэ дакъикъэр екIуэкIыу арат «Амкар»-р зы цIыхукIэ нэхъ мащIэу кьыщынам - етIуанэу дагъуэ зыхуащIа Молодцовыр судьям джэгум кьыхихуащ. Абы и фIыгъэкIэ, тепщэныгъэр къызылъыса ди щIалэхэр, нэхъапэми ецIхьу, гупышхуэу пермдэсхэм я гъэм екIуэлIэрт. ЕбгъэрыкIуэнэ Iэмал зимыIэ хэгъэрейхэр захъумэжьыну

Щ1алэгъуалэ гупхэм я зэхьэзэхуэм и турнир таблицэ

«Б» гупым

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
9. «Спартак-Налшык»	**10**	**6**	**1**	**3**	**15:14**	**19**
10. «Тэрч»	10	5	3	2	22:16	18
11. «Ростов»	10	5	2	3	14:11	17
12. «Амкар»	10	4	3	3	16:10	15
13. «Краснодар»	10	3	4	3	12:12	13
14. «Крылья Советов»	10	3	3	4	14:15	12
15. «Томь»	10	3	1	6	12:18	10
16. «Волга»	10	2	1	7	15:24	7

Накъыгъэ тыгъэ

Гур дехьэх, псэр егъэушэ уэсфэзм, макъамэзм. Ар къагурыIуэу къызэрагъэпэщ зэIущIэхэм, пшыхьхэм яущыщ куэд мышIэу утыку кьрахьэну «Накъыгъэ тыгъэр».

«Жан» зэгухьэныгъэм къызэрегъэпэщ гъэм и зэманхэм ятеухуа, адыгэ уэсэмрэ пшынальэмрэ я пшыхьхэр. Абы зэхуеIшэс анэдэлъхубзэр фIыуэ зыльъагъу псори, сабии балигъи. Пщыхьэщхьэм кьрихьэлIэхэр йодаIуэ ди усакIуэ пашэхэм я Iэдакъэщ1экIхэм, абыхэм кьоджэ Щоджэщ1ыкIу Алий и щIэр зезыхьэ Къэбэрдей кьэрал драмэ театрым и артистхэр, студентхэр, еджакIуэхэр.

Пщэдеи щыIэнущ апхуэдэ зэIущIэ гуапэ, гуфIэгъуэрэ нэщхьыфIагъэкIэ гъэнщIауэ. Сыхьэт 19-м Къэбэрдей кьэрал драмэ театрым и бжэр хуэзIуихынущ усэбзэм куэдзащхэм.

ИСТЭПАН Залина.

Адыгэхэм зауэм зыхуагъэхьэзыр.
Сурэтыр Бёлль Джеймс ищIащ. 1840 гъэ

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖЬэкIэмыкьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, Хьжыкъаэр Алик.**

КъудэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ къыдагъэкI.

360030, Къэбэрдей-Балкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5, ешIапIэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; цIыхубзмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлажьэныжьмкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ пресс-мохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдэлэжьIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1апIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхуэхэмкlэ и пэжагъэ зэхуэдэ, Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынырэ и щIэ дольщ КъБР-м федеральнэ нощ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатым и хуитынырэр хьэмэныжьмкIэ Къэбэрдей-Балкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм №ПI-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ,
Лениным и щIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэмыхъащ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къашокъуэ Элэ, редактор ЖЬэкIэмыкьу Маринэ, корректорхэр Щоджэн Инэ *(1, 4-нэ нап.)*, Щоджэн Заирэ *(2, 3-нэ нап.)*, *корректорхэм я дэлажьэныгъэ* Мырзэкъан ФатIимэ. *КомпьютеркIэ газетым и теплэр ящIащ* Ныр Сандэ, Мэлбахъэ Анжелэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жанэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 19-рэ.

Индексыр 51531 ● Тираж 5.000 ● Заказ №1064